



Pou Piblikasyon Imedya: 17/03/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PASE FÒS ENTÈVANSYON SOU KRIM RAYISAB NAN  
LAPOLIS ETA A ENSTWIKSYON POU YO ELAJI ANKÈT YO POU ENKLI NOUVO  
SWASTIKA YO TE DEKOUVRI NAN PAK ETA NISSEQUOGUE RIVER**

“Mwen santi mwen konstène akòz nouvo Swastika yo ak ekspresyon rayisab ke yo te dekouvri nan Pak Eta Nissequogue River nan Long Island, kote Lapolis Eta a [ap mennen ankèt aktyèlman](#) sou mesaj rayisab ke yo te dekouvri mwa pase a yo.

Pak Eta nou yo sipoze ranfòse kominote nou yo epi rasanble moun ansanm. Mwen ap pase Fòs Entèvansyon sou Krim Rayisab nan Lapolis Eta a enstwiksyon pou yo elaji ankèt aktyèl yo an pou enkli grafiti degoutan sa yo, epi moun ki responsab yo pral jwenn pinisyon selon tout sa lalwa mande.

Nan New York, nou gen yon politik zewo tolerans pou zak anti-Semit sou tout fòm li yo. Nou kanpe bò kote tout kominote yo, ki enkli kominote Jwif la, kont layèn ak divizyon, e nou konnen ke mo ki gen sis lèt ki pi pwisan an se lanmou, pa layèn”.

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)